МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ
Министерство образования науки Чеченской Республики
МУ «Отдел образования Курчалоевского муниципального района»

РАССМОТРЕНО
МО учителей гуманитарного цикла
МБОУ «Бачи-Юртовская СШ№2»
_____ Махмудова Л.А.
.
Протокол № 1
от «26» 08 2022 г.

СОГЛАСОВАНО
Заместитель директора по УВР
_____ Далхаева Ф.М
Протокол №_1_
от «26» 08 2022 г

РАБОЧАЯ ПРОГРАММА
учебного предмета
«*Чеченская литература*»

для основного общего образования (5-9 классы)
на 2022-2023 учебный год

Составитель: Ахматова Ж.К.,
учитель чеченского языка и литературы

с. Бачи-Юрт 2022

Х1оттийнарг: Ахматов Камарбекан Жанета.

2022-2023 дешаран шо.

Нохчийн литературин 6 – 9-чуй классашна лерина программа

Кхеторан кехат

Нохчийн литературин коьртачу йукъардешаран ишколана лерина программа хIоттийна:

- Федеральни пачхьалкхан дешаран стандартан, коьртачу дешаран программин буха т1ехь;
- С.Э.Эдиловн нохчийн литературин герггарчу хьесапехь йолчу программин буха т1ехь;
- Б1аьчи-юьртара йуккъерчу ишколан дешаран хьесапан буха т1ехь;
- Б1аьчи-юьртара йуккъерчу ишколан коьртачу дешаран программин буха т1ехь.

Программо билгалдо инвариантни (ца Iамийча цадолу) дешаран курсан дакъа, таро ло, белхан программаш хIиттош, дешаран коьчал дIасаекъа, курсан дакъош, шайн лаамехь хьалха-тIаьхьа нисдеш, хьеха. Иштта цо аьтто бо дешаран курс тайп-тайпанчу кепара дIахIотторехь а.

Программо Iамо билгалйина нохчийн литературин тоьлла произведенеш, уьш массо йукъардешаран ишколашна лерина а, жамIдаран талламан къепеца (системица) йозаелла а йу. Программо иштта шена чулоцу тематически а, жанрови а башхаллашца хIиттийна йолу йукъарчу хьесапера обзораш.

Йаккхий произведенеш, Iамо атта хилийта, йацйина йалийна.

Программа деа декъах лаьтта:

1.«Дешаран предмет караерзорехь кхочушдан лору жам1аш». Кхузахь довзийтина, хIун меттиг дIалоцу нохчийн литературо йуккъерчу йукъардешаран Iалашонашка кхачош; нохчийн литература Iаморан Iалашонаш а, жамIаш а билгалдаьхна масех тIегIанехь – личностни, метапредметни, предметни; нохчийн литературех лаьцна йукъара хаамаш белла, базисни дешаран хьесапехь цо дIалоцу меттиг а къастийна.

2. «Дешаран курсан чулацам». Дакъошка бекъна, Iамо билгалбина чулацам къастийна кхузахь.

3. «Дешаран-тематикин хьесап». Дешаран курсан теманаш, хIора тема Iаморна лерина сахьташ къастийна.

4. «Рузманан-чулацаман хьесап».Дешаран курсан теманаш, хIора тема Iаморна лерина сахьташ,хан(планаца,билггал) къастийна

Дешаран-методически комплект (УМК)

I. ЙУккъерчу йукъардешаран ишколашна лерина нохчийн литературин 1аматаш:

1.С.Э.Эдилов: 6-7 классашна:

2. М.Ахмадов, З. Алиева: 8 классана;

3. I.Арсанукаев, С.Эдилов: 9 классана.

II. Нохчийн литературин Iаматашна методически хьехамаш.

III.Тайп-тайпана тексташ, тесташ.

IV.Дешаран дошамаш.

V. Белхан тетрадаш.

Дешаран хьесапаца цхьаьнадог1уш, нохчийн мотт 1аморна леринчу сахьтийн барам:

Класс	Шарахь	КIиранах
6	70	2
7	70	2
8	70	2
9	68	2

1.Дешаран предмет караерзорехь кхочушдан лору жамIаш

Коьртачу йукъардешаран ишколашкахь литературин курс тIехьажийна йу дукхакъаьмнийн Россин ца хилча цаторуш долчу культурин декъах санна, литературех болу кхетам дешархошкахь кхиорна, цо аьтто бо массо кепара кхиъна ваьлла, граждански кхетам болу, къаьмнашца йолу йукъаметтигаш цхьаьнайогIуш долу адам (личность) кхиорна.

Нохчийн литература ишколашкахь Iамор шен башхаллаш йолуш ду. Нохчий мотт кхиаран социально-исторически башхаллаш а, къоман культурин исторически хьелаш а, гIиллакх-оьздангалла а, ламасташ а тидаме оьцуш, дIахьо литература Iамор. Къоман башхалло шатайпа тIеIаткъам бо дешархошна литература Iаморехь, цундела культурно-исторически хьелаш тидаме а оьцуш, Iамо еза литература.

Дешаран предмет «Литература» герггара уьйр йолуш йу «Нохчийн мотт» предметаца. Нохчийн литература дешархойн ненан мотт а, церан къамелан оьздангалла а кхиорехь а, йукъаметтигаш лелорехь а коьрта хьост ду.

Исбаьхьаллин произведенийн мотт Iаморо аьтто бо дешархошна дешан исбаьхьаллайовзарехь, исбаьхьаллин дешнашца кхелина мотт караберзорехь. Нохчийн литературакъоман культурицайухкера йозаелла йу, ша цуьнан цхьа дакъа а долуш. ЙУкъаркультурица йоьзна литература Iаморо таро лур йу дешархошна нохчийн литература билггалдолу культурин цхьа дакъа санна иза тIеэца, ткъа иштта нохчийн литературин этнокультурни башхалла а, культура а тидаме эца. Цу кепара билгалйинчу школашкахь кхочушйалур йу этнокультурни принцип.

Нохчийн литература нохчийн историца а, географица а, исламан баххашца а герггарчу уьйрашца Iаморо дешархойн дегнашкахь патриотически дог-ойла а, синъоьздангаллин мехаллаш а кхуллур йу, шайн дукхакъаьмнийн махках дозалла а дийр ду цара.

Коьрта йукъардешаран ишкол чекхйоккхучуьнгахь «Литература» предмет Iамош кхио деза личностни жамIаш ду:

– шен къоман векал а, дукхакъаьмнийн Россин пачхьалкхан гражданин а ша хиларх кхеташ хилар;

– адаман синъоьздангаллин мехаллаш кхачаме йалор, дукхакъаьмнийн махке безам кхиор, нохчийн литературе а, иштта кхечу къаьмнийн литературе а болу ларам кхиор;

– хIума довзаран а, коммуникативни а декхарш кхочушдарехь хаамийн тайп-тайпанчу хьостех пайдаэцар (дошамаш, энциклопедеш, Интернетан гIирсаш).

Коьртачу йукъардешаран ишколехь «Литература» предмет Іаморан метапредметни жамІаш билгалдовлу:

– проблемех кхета а, гипотеза хьалхайаккха а, коьчал хІоттаме ерзо а, шена хетарг тІечІагІдеш делил дало а, барта, йозанан аларшкахь бахьанин-тІаьхьалонан уьйраш билгалйаха а, жамІаш кепе дерзо а хаарехь;

– ша гІуллакхдар вовшахтоха а, цуьнан мах хадо а, шена самукъане хетар болу гуо къасто а хаар карадерзорехь;

– ша гІуллакхдеш йустаран, дуьхь-дуьхьал хІитторан кепех пайдаэцарехь;

– тайп-тайпанчу хаамийн хьосташца болх бан, уьш лаха, талла, ша гІуллакхдарехь царах пайдаэца хаарехь.

Коьрта йукъардешаранишкол чекхйоккхучеран предметни жамІаш лаьтта:

1) **хІума довзаран декъехь**:

– барта кхолларалин а, тайп-тайпанчу муьрийн нохчийн литературин произведенийн коьртачу проблемех кхетам хилар; и проблемаш нийса цхьана кепе ерзо хьуьнар хилар;

– произведени а, иза йазйаран муьран уьйрах кхетар а; произведенийн бухехь йолу хенан йохаллехь йовр йоцу синъоьздангаллин мехаллаш а, церан тахана а маьІне хилар а билгалдаккхар;

– литературни произведенина таллам бан хаар: хІокху йа оцу литературни тайпанан а, жанран а произведени иза хилар билгалдан хаар; темех, идейх кхета а, кепе ерзо а, цуьнан синъоьздангаллин мехаллаш, турпалхойн амалш билгалйахар; цхьана йа масех произведенийн турпалхой буста а, нохчийн а, кхечу къаьмнийн а литературин произведенеш вовшашца йуста а хаар;

– произведенехь сйужетан дакъош, дІахІоттам, меттан суртхІотторан гІирсаш къастор, чулацаман идейно-исбаьхьаллин агІонаш билгалйахарехь цара дІалоцучу меттигах кхетар;

– литературни произведени толлуш, йуьхьанцара литературоведчески терминологи евзаш хилар.

2) **мехаллин некъ бовзаран декъехь:**

– нохчийн литературин синъоьздангаллин мехаллашка кхачор, шен къоман синъоьздангаллин мехаллашца уьш йустар;

– нохчийн литературин произведенех лаьцна шена хетарг цхьана кепе дерзо хаар, церан мах хадор;

– Іамийначу произведенех лаьцна шен кхетам хилар;

– авторна хетачух кхетар, цунах лаьцна шена хетарг ала хаар.

3) **коммуникативни декъехь:**

– тайп-тайпанчу жанрийн литературни произведенеш нохчийн маттахь лерсица а, цхьанатайпана а тІеэцар, кхеташ ешар;

– текст тІера цитаташ а йалош, меттан исбаьхьаллин гІирсех пайдаэцарца прозаически произведенеш йа церан дакъош йухасхьадийца хаар; ладоьгІначу йа ешначу текстан хьокъехъ хаттаршна жоьпаш далар; барта монологически къамелан тайп-тайпана аларш кхоллар; шеца къамел деш волчуьнца, оьздангаллин барамаш ларбеш, гІиллакхехь диалог дІайахьар;

– Іамийначу произведенийн тематикица а, проблематикица а йоьзна изложенеш, сочиненеш йазйар, цІахь а, классехь а йозанан белхаш кхочушбар, йукъара культурин а, литературин а теманашна рефераташ йазйар.

4) **эстетически декъехь:**

– дешан исбаьхьаллех санна литературех кхетар, эстетически кепара нохчийн литературин произведенеш тIеэцар; нохчийн исбаьхьаллин тексташ тIехь эстетически чам кхиор;

– литературни произведенийн васташ кхуллуш, меттан суртхIотторан гIирсаша дIалоцучу меттигах кхетар;

– меттан хIоттамца а, нохчийн, оьрсийн литературин вастийн къепийн башхаллашца а дозуш, нохчийн а, оьрсийн литературин произведенеш вовшашца йуста хаар.

Арахецархо хууш хир ву:

- 1амийначу произведенийн авторш, ц1ераш, ц1ерийн маь1на, произведенийн чулацам, турпалхой, хиламийн уьйр билгалйаккха;
- халкъан, литературин туьйранашна йуккъехь йолу башхаллаш билгалйаха;
- исбаьхьаллин произведенехь монолог, диалог, дустар, эпитет къасто;
- дагахь 1амийна произведени къастош еша;
- исбаьхьаллин произведени литературин муьлхачу тайпанан йу (эпически, лирически, драматически) билгалдаккха;
- иллин чулацаман, сйужетан, д1ах1оттаман, суртх1отторан г1ирсийн, меттан башхаллаш къасто;
- исбаьхьаллин произведенин маь1на билгалдарехь турпалхочун меттиг а, автора цуьнан хадош болу мах а билгалбаккха;
- исбаьхьаллин произведенех а, цуьнан турпалхойх а шайна хетарг бух боллуш ч1аг1дан;
- 1амата т1ехь йалийначу литературоведчески дошамах пайдаэца;
- нохчийн литературин кхечу къаьмнийн литературица хилла уьйраш билгалъйаха;
- нохчийн йаздархойн дахаран а, кхолларалин а некъан коьрта муьраш билгалбаха;
- 1амийначу исбаьхьаллин произведени т1ехь гайтинчу заманан коьрта билгалонаш къасто;
- 1амийначу исбаьхьаллин произведенийн сйужетан а, д1ах1оттаман а, вастийн а Башхаллаш къасто;
- 1амийначу исбаьхьаллин произведенийн йукъара маь1на, коьртачу турпалхойн амалш билгайаха;
- 1амийначу исбаьхьаллин произведенийн жанрийн къастамаш;
- лирически, эпически, лиро-эпически произведенийн коьрта билгалонаш;
- исбаьхьаллин литературин хаарш алсамдахаран а, кхетош-кхиоран а маь1на;
- дагахь 1амо билгалйаьхначу произведенийн тексташ.

Арахецархочун таро хир йу 1ама:

- произведени т1ера исбаьхьаллин суьрташ шайн ойланехь йухасхьах1итто;
- произведени т1ера эпизодаш схьакъасто, церан хенан йохаллин а, бахьанийн а уьйраш гайта;
- дустарш, эпитеташ текстехь гучу а йохуш, царах кхетам бала;
- исбаьхьаллин произведени къастош еша;
- турпалхочун васт х1отто;
- исбаьхьаллин произведенин а, литературин йукъараллин дахарх лаьцна йолчу статьн а тексташ шерра д1аеша;
- шаьш кхочушбечу барта а, йозанан а белхан хьесап х1отто;
- литературин хрестомати т1ерачу статьян хьесап, тезисаш, конспект х1отто;

- изложенеш йазйан;
- барта а, йозанан а тайп-тайпана сочиненеш кхолла (шайн тидамех, шайна зеделлачух лаьцна а, диллинчу суьртах пайдаоьцуш а, литературин материал т1ехь йазйэш ерш а), царна йукъахь шаьш 1амийначу произведени т1ера турпалхочун амалш къастош а, шина турпалхочун амалш вовшах йустуш а йолу сочиненеш а;
- литературин произведени, шен жанран а, идейно-исбаьхьаллин а башхаллашка хьаьжжина, къасто;
- литературин произведенин коьрта проблемаш билгалйаха;
- цхьана йа масех произведенин турпалхойн васташ, вовшех дустуш, къасто;
- произведенехь сйужетан, д1ах1оттаман, вастийн исбаьхьалин суртх1отторан г1ирсийн цхьаалла гучуйаккха а, маь1на дан а;
- произведенин турпалхошка а, цу т1ерачу хиламашка а авторан болу хьежамаш билгалбаха;
- шаьш кхочушбечу барта а, йозанан а белхан хьесап х1отто;
- литературин хьокъехь а, йукьараллин дахарх лаьцна а йолчу статьян хьесап, тезисаш, конспект х1отто;

литературин материал т1ехь доклад, къамел кечдан (цхьана-шина книгех пайда а оьцуш);

- шаьш ешначу книгина рецензи йазйан;
- ишколан дахарх лаьцна доклад, къамел кечдан.

1. Дешаран курсан чулацам

1-ра дакъа. Литература дешан исбаьхьалла санна

Кхечу исбаьхьаллашна йуккъехь литературо д1алоцу меттиг. Дешан исбаьхьаллехь дахар исбаьхьаллин кепехь гайтаран башхалла.

Исбаьхьаллин литература дуьне довзаран, адаман синъоьздангаллин тайп-тайпаналлин дахар а, хьал а довзаран цхьа кеп санна; дахар исбаьхьаллин кепара гайтар. Эстетически чам а, синъоьздангалла а кхиорехь литературо бен т1е1аткъам.

2-г1а дакъа. Халкъан барта кхолларалла

Нохчийн халкъан барта кхолларалла а, цуьнан башхаллаш а. Барта кхолларалле хь халкъан ойла, лаамаш, сатийсамаш, дегайовхо билгалйалар. Нохчийн барта кхолларалл ин жанраш: иллеш, эшарш, туьйранаш, шира дийцарш, хабарш, аларш, наьрт-эрстхойх лаьцна дийцарш, Молла-Несартан хабарш, тийжамаш, кицанаш, х1етал-металш.

Нохчийн халкъан туьйранаш (инзаре-тамашийна, дахаран, дийнатийн).

Миф а, туьйра а. Туьйранийн тайпанаш. Дийнатийн васташ халкъан туьйранашкахь. Халкъан а, литературни а туьйранаш. Туьйранашкахь бакъдерг инзаре-тамашеначуьнца нисдар, васташ кхолларан башхалла. Туьйранашкахь бакъдерг толош, зуламениг эшош хилар.

Литературин кегийра жанраш (кицанаш, х1етал-металш). Кицанаш – хьекъале, доца аларш. Х1етал-металийн башхаллаш.

Нохчийн халкъан иллеш, эшарш, шира дийцарш, хабарш, аларш.

Лирически а, турпалаллин а иллеш. Лирически иллийн къастамаш. Турпалхойн ойла лирически иллешкахь гучуйалар. Турпалаллин иллешкахь къоман дахарехь маь1не долу г1уллакхаш, г1иллакхаш ч1аг1дар, къонахийн хьуьнарш хестош дийцар, мостаг1ашна дуьхьал къийсам латтор гайтар. Иллийн чулацам, д1ах1оттам, исбаьхьаллин башхаллаш. Халкъан эшарш, церан чулацам а, маь1на а, тайпанаш а.

Исторически хиламаш йа билггалчу наха лелийна г1уллакхаш дуьйцу дийцарш.

Билггалйолчу меттигех (йуьртах, ломах, регIах, хих, бIаьвнех) лаьцна дийцарш.

Наьрт-эрстхойх лаьцна дийцарш. Вайн халкъо наьрташца латтийна къийсам.

Иллешкахь турпалхочун васт. Дикачун. вочун къовсам. Фольклорехь гиперболах пайдаэцар.

Нохчийн халкъан барта кхолларалла гулйар, дIайазйар, зорбатохар.

Оьрсийн йаздархоша А. С. Пушкина, М. ЙУ. Лермонтовс, Л. Н. Толстойс, кхечара а шайн кхолларалле хь нохчийн барта произведенех пайдаэцар.

ХIинцалерчу фольклористаша къоман барта кхолларалла гулйарехь, иза Iалашйарехь, Iилманца талларехь беш болу болх.

ХIинцалерчу исбаьхьаллин литературин барта кхолларалла йолу зIенаш.

3-гIа дакъа. ХХ бIешеран хьалхарчу эхан литература.

С.С. Бадуев. Дахар а, кхолларалла а.

«Зайнди» дийцар. Йоза-дешар хууш хилар – керлачу дахаре болу некъ. Дийцаран васташ а, маьIна а.

«ЦIеран арц»повестан чулацам а, исбаьхьаллин башхаллаш а. Пурстоьпан Кулдевичан, цунна тIаьхьабозучу Мирзин, Эльбертан амалш. Къоман ламасташ повесть тIехь гайтар. Хонмурд а, цуьнан доьзал а. Бано а, Залуба а. Нохчийн зударийн оьздангалла, цара шайн сий, къоман гIиллакхаш а лардар. Повестехь исбаьхьаллин сурт хIотторан башхаллаш.

«Бешто»повестан тема а, дIахIоттам а. Бештон, Бусанин кхоллам. Повестан персонажийн амалш, уьш гайтаран исбаьхьаллин башхаллаш.

Бадуев СаьIидан произведенешкахь нохчийн Iер-дахар гайтаран башхаллаш.

Къоман литература, культура кхиорехь Бадуев СаьIидан кхолларалл маьIна.

I.Ш. Мамакаев.Дахар а, кхолларалла а.

«Садаьржаш», «Кавказан латта», «Сайн кIанте», «ЙоIе» «Даге» стихотворенеш. «Дагалецамаш», «Нохчийн лаьмнашкахь» поэмаш.

Поэтан лирикин тайп-тайпана тематика а, проблематика а. Поэтан кхолларалле хь Даймехкан, Iаламан суьрташ.Лирически турпалхочунДаймахке а, шен халкъе а болу хьанал безам, цуьнан вахаран Iалашо халкъан хьашташка хьажийна хилар. Поэтан лирикехь безам а, доттагIалла а. ЙУкъараллин дахарехь поэтан декхарш а, поэзин меттиг а.

«Дагалецамаш» поэма. Поэмехь авторан Iаламе, Терке болу безам. Сирлачу кханенах лаьцна йолу дог-ойла, синхаамаш.

«Нохчийн лаьмнашкахь» поэма. Поэми тIехь нохчийн халкъан хьалхалера дахар гайтар. АслагIий, Селехьаттий. Церан къона дахар хIаллакьхиларан бахьана. Авторан ойла.

«Нохчийн лаьмнашкахь» поэмин лирически а, эпически а билгалонаш. Поэмин стих а, меттан башхаллаш а.

Мамакаев Iаьрбин поэзино литературехь а, къоман культурехь а дIалоцу меттиг.

М.А. Мамакаев. Дахар а, кхолларалла а.

«Даймехкан косташ», «Лаьмнийн дийцар», «Пондар» стихотворенеш.

Мамакаевн поэзин философски чулацам, цуьнан лирикехь Даймехкан, къоман историх лаьцна, патриотически, гIиллакх-оьздангаллин мукъамаш. Лирически турпалхочо стеган паргIатонах, сийх, Даймахках лаьцна ен ойланаш.

«Баппа» дийцар. Сутаралло а, деган куралло а эла даржах вохавар. Хьоло вузийна стаг нийсонах хедаш, гIиллакхах херлуш, хьекъалх оьшуш хилар, халкъ шен олаллин кIел сацо цхьаьннан а ницкъ кхочург цахилар чIагIдар.

М.А. Сулаев. Дахар а, кхолларалла а.

«Сай», «Сох муха эр дара адам?» стихотворенеш.

Поэтан лирикехь гIиллакх-оьздангаллех, стеган вахаран Iалашонах лаьцна йолу ойланаш. Дайн оьзда гIиллакхаш лардан дезар, шегахь дика амалш (йахь, собар, тешам) кхио езар чIагIдар. Iаламан лирика. Даймехкан исбаьхьа, беркате Iалам Iалашдан дезар, цуьнца къинхетаме хила везар.

«Лаьмнаша ца диццо» роман. Нохчийн халкъан дахарехь уггаре халачу муьрехь – 1940-чу шерашкара 1960-чу шерашка кхаччалц – адамийн кхолламаш романехь гайтар. Тавсолтин амалшца доьзна къоман гIиллакх-оьздангалла гайтаран башхаллаш.

Романехь кегийрхойн васташ.

Романан маьIна а, исбаьхьаллин башхаллаш а.

Х.Э. Эдилов. Дахар а, кхоларалла а.

«Ненан безам», «Сий делахь, Латта!» стихотворенеш.

Поэтан дахаре, Iаламе болу безам, Iаламан дахарца экам хила везар чIагIдар.

Ирс къуьйсуш велларг сийлахь а, веза а ларар.

Б.С. Саидов. Дахар а, кхолларалла а.

«Майра кIант Сулима» литературни туьйра. Хьаналчу къинхьегаман маьIна гайтар а, хьоладайн писалла а, йамартло а йэмалйар. Адамийн деган дикаллий, оьздангаллий, къинхетаме хиларрий хастор.

«Вина йурт». «Деган аз»стихотворенеш.

Б. Саидовн поэзехь хьоме мохк, граждански дог-ойла.

Х.Д. Ошаев. Дахар а, кхолларалла а.

«Чайра» дийцар, «Иччархо Абу-Хьаьжа Идрисов» очерк.

«Чайра» дийцарехь кхолламо шен махках дIакъастийначу стеган дай баьхначу лаьтте болу сатийсам, винчу махке болу безам гайтар. Стеган дахарехь Даймохк уггар сийлахь а, беза а, хьоме а кхерч хила безар чIагIдар.

Очеркан жанр нохчийн литературехь. Очеркехь турпалхочун Идрисов Абу-Хьаьжин дагалецамаш а, цуьнан бIаьхаллин гIуллакхаш а.

С.М. Курумова. Дахар а, кхолларалла а.

«Дохк» («Дохк»– повеста тIера кийсак). Iаламан суьрташ а, церан исбаьхьаллин декхар а. Лаьмнийн Iаламан хазалла.

З.А. Муталибов. Дахар а, кхолларалла а.

«ДоттагIалла» стихотворени.

Поэта къаьмнашна йукъара доттагIалла чIагIдан дезаш хилар гайтар.

4-гIа дакъа. XX бIешеран шолгIачу эхан литература.

А.С. Сулейманов.Дахар а, кхолларалла а.

«Борз йу угIуш», «Шуьнехь дош», «Дог дохден цIе» стихотворенеш.

А. Сулеймановн поэзин романтизм. Поэтан лирикехь къонахаллин а, оьздангаллин а тема. Къоман эхь-бехк лардеш волу цуьнан лирически турпалхо.

«Дахаран генаш» поэма. Маьрша Даймохк, тешаме доттагIалла, къонахалла, бартболу доьзал – поэмин коьрта теманаш. Таханлерчу дахарехь гIиллакх-оьздангаллица доьзна кхачамбацарш Iорадахар, цаьрца къийсам латто безар.

I-Хь.Х. Хамидов. Дахар а, кхолларалла а.

«ДIа – коч, схьа – коч» дийцар. «Лийрбоцурш» пьеса.

I-Хь. Хамидов – йаздархо-сатирик, драматург. Беламе дерг нохчийн литературехь. ЙАздархочун-сатирикан кхолларалин коьрта теманаш. Адамийн амалшкахь сакхтениг емалдаран говзалла.

«Лийрбоцурш»турпалаллин драми т1ехь Даймохк фашизмах 1алашбан г1евттинчу б1аьхойн майралла а, уьш къинхетам болуш хилар а гайтар. Тайп-тайпанчу къаьмнех болчу б1аьхошна йукъара доттаг1алла.

Нурадиловс, Федоровс, Баркинхоевс, Бульбас шайн къона дахар Даймахкана д1адалар. Нохчийчоьнан оьздачу к1ентан майрачу б1аьхочун Нурадилов Ханпашин турпалалла.

Пьеси т1ехь гайтина мостаг1чун амалш.

«Лийрбоцурш» драми т1ехь турпалхойн васташ кхолларан г1ирсаш. Т1емалочун васт х1оттош а, мостаг1ий гойтуш а, шен къастам болуш билгалйолу исбаьхьаллин говзалла.

Р.С. Ахматова. Дахар а, кхолларалла а.

«Лийрбоцурш», «Ма хала ду цунах кхета» стихотворенеш.

Поэтессин кхолларалле хь лирически тема, Даймахке а, иза ларбеш болчаьрга а болу безам.

I.Э. Гайсултанов. Дахар а, кхолларалла а.

I.Гайсултанов – нохчийн берийн литературин бухбиллархо. Гайсултановн кхолларалин коьрта теманаш а, проблематика а.

«Нийса кхел» дийцар. Дийцаран социальни проблематика. Бакъдерг харцонал тола дезар ч1аг1дар. Дийцаран халкъан барта кхолларалин амал.

«Кегий йийсарш» («Александр Чеченский» повеста т1ера дакъа). Дийцарехь т1амо берийн дахаре беана бохам гайтар. Т1еман къизалло адамийн дахаре шеца дохьург емалдар.

«Алдара Ушурма» («Александр Чеченский» повеста т1ера дакъа). Дийцаран исторически бух. Маршонехьа болу къийсам, шен мохк, дин мостаг1чух лардар, церан дуьхьа вала а кийча хилар. Исторически бакъдолчун т1ехь кхоьллина васт.

Баснин жанр нохчийн литературехь. «Барзо амалш ца хуьйцу» баснин дидактически хьажам, адамийн амалш цу т1ехь йэмалйар.

«Болат-г1ала йожар» повестан исторически бух. Маьршачу наха талорхошна дуьхьал шайн парг1атонехьа латтийна къийсам. Дикачу к1енташа халкъ вовшахтухуш, иза маршоне кхачор. Повестан коьрта турпалхой а, церан васташ а.

Ш.А. Арсанукаев. Дахар а, кхолларалла а.

«Баьпкан йуьхк», «Мохкбегор», «Ийманах дузийта дегнаш» стихотворенеш.

Поэтан-лирикан Ш. Арсанукаевн кхолларалле хь патриотизман а, гуманизман а ойланаш.

1аламца къинхетаме хиларе дехар, нохчийн халкъ иймане далор доьхуш, поэта Деле ден до1анаш. К1орггера кхетам, оьзда лаамаш болу лирически турпалхо. Дуьненах, 1аламан аьрхачу хазаллех, дахарх лаьцна цо ен ойланаш а, адаман ирсехьа къийса иза кийча хилар а.

«Тимуран тур» стихашкахь йазйина повесть, цуьнан исбаьхьаллин къастамаш. Къоман парг1ато еза ларар, мостаг1ашна дуьхьал къийсам латтийначу турпалхойн васташ. Халкъан парг1атонехьа болчу буьрсачу т1еман суьрташ.

А.А. Айдамиров. Дахар а, кхолларалла а.

«Вина мохк» стихотворени, «Мух1ажарш» («Еха буьйсанаш» романан дакъа).

Даймехкан тема нохчийн литературехь. Даймехкан беркатечу ницкъах тешар, ирс Даймахкаца дозар.

Паччахьан 1едалан йамартло а, мух1ажарийн кхолламан дега1ийжаме мукъамаш а.

М-С.Г. Гадаев. Дахар а. кхолларалла а.

«Дарта», «Орцара г1ов» стихотворенеш.

Поэтан са 1аламан дуьненца д1аэр. Ницкъ, доьналла, г1орасизалла цхьана сибатехь. Поэтан говзалла дарта олхазаран хьал довзийтарехь.

«Ирча суьрташ» дийцар. Дийцарехь тоталиризман шерашкахь нохчийн халкъан трагеди. 1аламан суьрташа ирча кхаъ къаьхьачу 1аткъаме берзор.

М.М. Мусаев. Дахар а, кхолларалла а.

Литературни туьйра. Литературни туьйра халкъачух къастош дерг.

Литературни туьйра «Ц1ен маьхьси». Хьекъал йамартлонал, тешнабехкал, сонталлел тола дезаран ойла ч1аг1йар. Нахана даьккхинчу ор чу ша оьккху. Туьйранан оьрсийн туьйранца цхьаьнадог1ург.

Хь. Б. Саракаев.Дахар а, кхолларалла а.

«Баьпкан чкъуьйриг» дийцар. Хьаналчу къинхьегамо лакхадоккху стеган сий. Баьпкан сий-пусар дан дезар ч1аг1дар.

«Ирсе б1аьрхиш» дийцар. Вайна к1ант карийначу ненан ирсе б1аьрхиш. Ненан безам боккха а, мерза а, аьхна а хилар.

Ш.Х. Окуев.Дахар а, кхолларалла а.

«Сан хьоме Нохчийчоь», «Б1аьсте» стихотворенеш.

Лирически турпалхочун синмерзаш довзуьйту 1аламан суьрташ. Поэтан Даймахкаца бозабелла синхаамаш.

«Мацалла» («Т1аьххьара верас» романан дакъа). 20-чу б1ешеран йуьххьехь ламанан йарташкахь кхолладелла социальни хьелаш. Нохчийн халкъ комаьрша, къинхетаме хилар, мацалло г1елбина кхечу къаьмнийн векалш дегалазамца т1еэцар. Оцу шерашкахьлера 1ер-дахар, ламасташ гайтар, къомо шен йахь, йуьхь ларйар. Турпалхойн васташ.

Хь.Д. Сатуев.Дахар а, кхолларалла а.

«Лаьмнийн къоналла» стихотворени, «Ломмий, цхьогаллий» басня.

1алам поэтан кхетамехь а, исбаьхьаллин суртх1отторехь а.

Адамийн сакхташ баснехь емалдар. Лоьман васт нохчийн литературехь.

1.Х. Шайхиев. Дахар а, кхолларалла а.

«Куйнах дош» стихотворени.

Къоман г1иллакхаш, ламасташ, синъоьздангаллин мехаллаш поэтан лирикехь.

Даймахкана, халкъана даим г1уллакхдеш вагаран синхаамех йуьзна поэзи.

Коьртарчу куйнаца лардина сий. Поэзин фольклоран бух.

Б1ешерашкахь вайн дайша схьадеана низаман ламаст лардаран маь1на, къонахчун ц1е еза а, сийлахь а хилар ч1аг1дар.

«Ч1аг1о» баллада. Легендин буха т1ехь кхоьллина баллада. Къонахчо делла дош кхочушдан дезар, тешаме ч1аг1о хила езар ч1аг1дар.

«Лазаман лорах» стихашкахь поэма. Нуьцкъах ц1ера ваьккхинчу лирически турпалхочун шен махке, халкъе, ненан матте болу безам, дега1ийжам. Дайн кешнех, дайн иллех, Даймахках цо ен ойланаш.

М.Д. Дикаев. Дахар а, кхолларалла а.

«Нохчо ву со», «Къинхетаме Нохчийчоь» стихотворенеш.

Даймахках, халкъах дозалла дар. Дикаевн поэзехь йахь, къоман оьздангалла, патриотически синхаамаш, къоман хиндерг ирсе хила лаар. Б1ешерашкахь парг1атонехьа,

маршонехьа къийсам латтийначу доьналлин Нохчийчоьнах дозалла дар. Поэтан шен Даймахке, халкъе болу хьанал безам.

М. Ясаев. Дахар а, кхолларалла а.

«Хьоме йурт» повестан дакъа «Тянь-Шанан лаьмнашкахь».

Адамийн вовшашца йозаелла ира меттигаш а, ч1ир йитаран 1адат а. Даймахке, хьомечу йуьрте болу сатийсам. Парг1атонан, маршонан марзонан мах. Лох-Беташан, Джамалдинан, Серижин, Джанхотан васташ.

I. А. Ахмадов. Дахар а, кхолларалла а.

«Къонахалла» дийцар. Турпалхочун амалш, халонаш дуьхьал нисъелча, цо шегара гайтина доьналла, ша-шена т1ехь баьккхина толам.

«Воккхадада» дийцар. Къизачу акхараллица т1амо х1аллакдина бералла. Т1амо шеца беъна бохам а, къизалла а. Деден а, йоь1ан а васташ. Дийцарехь диалого д1алоцу меттиг.

С.А. Гацаев. Дахар а, кхолларалла а.

«Дарц»,«Хьаннийн белхар», «Буьйса хаза, буьйса тийна...», «Бlаьсте кхечи…», «Хlай йоl, делхьа, собарде», «Йише Маржане» стихотворенеш, «Чкъоьрдиг» литературни туьйра.

Поэтан лирикин башхаллаш. Даймахке безам, адамийн хазахетарш, халахетарш, дегайовхонаш, дегаlийжамаш – и берриге а бовха синхаамаш шатайпанчу исбаьхьаллица кхоьллинчу lаламан суьрташкахула гучубовлуш хилар. Цуьнан поэзехь адам а, lалам а.

Стихотворенеш аьхна ойланаш, бовха синхаамаш гlаттош хилар.

«Чкъоьрдиг» литературни туьйра. Халкъан туьйранан буха тlехь кхоьллина туьйра. Ешапан а, Чкъоьрдиган а къовсам. Чкъоьрдига ша-шена а, Ешапна а тlехь баьккхина толам.

Хlинцалерчу нохчийн поэзехь lаламан лирикин таронаш шорйарехь Гацаев Саьlидан кхолларалли маьlна.

Д. Д. Кагерманов. Дахар а, кхолларалла а.

«Доттаг1алла» дийцар. Дийцаран г1иллакх-оьздангаллин проблематика. Къоначу турпалхочун г1иллакх а, воккхачу стеган оьздангалла а.

Ш. Р. Рашидов. Дахар а, кхолларалла а.

«Т1амна дуьхьал довла», «Даймохк» стихотворенеш.

Т1амна дуьхьал къийсам латто безар кхайкхор.

Даймехкан тема – поэтан кхолларалле коьрта тема. Лирически турпалхочун ойланаш, синхаамаш.

«Ден весет» поэма. Къоначу т1аьхьенгахь хила еза синъоьздангаллин мехаллаш. Стеган халкъаца, шен махкаца хила еза йукъаметтигаш билгалйахар.

М. М. Кибиев. Дахар а, кхолларалла а.

«Меттан сий», «Дош» стихотворенеш, «Зов» басня.

Нохчийн мотт Даймехкан билгало санна. Меттан дозалла ца дойтуш, цуьнан сий дан дезар.

Дешан дозалла: цо бан тарлуш болу цатам а, цунах долу беркат а.

«Зов» басня. Баснин жанр нохчийн литературехь. Адамийн вон амалш емалйар. Х1иллано духатуху х1илла.

Ж. М. Махмаев. Дахар а, кхолларалла а.

«Буьйсанна г1улчаш» дийцар. Дийцаран турпалхочун ша шеца ен монолог беран синъоьздангаллин дуьне кхолларан г1ирс санна. Цуьнан коьрте хьийза карзахе ойланаш а, накъосташа иза нийсачу новкъа ваккхар а. 1аламца хила еза йукъаметтигаш йовзийтар.

«Баьпкан йуьхк» стихотворени. Стихотворенехь къинхетам, доглазар дахаран лаккхара мехаллаш хилар ч1аг1дар.

Э. I. Мамакаев. Дахар а, кхолларалла а.

«Х1орд» стихотворени. Стихотворенин филиософски маь1на. Дахар къийсамехь кхоллалуш хилар, тийна дахар стеган амалца дог1уш цахилар ч1аг1дар.

I. Д. Кусаев. Дахар а, кхолларалла а.

«Амалехь диканиг» стихотворени. Доьзалхочун амалехь дика мел дерг кхиорехь дас-нанас д1алоцу меттиг гайтар.

С. С. Яшуркаев. Дахар а, кхолларалла а.

«Маьрк1аж-бодан т1ехь к1айн хьоькх» повесть. Даймахках баха бакъо йоцурш – мискачарал миска, декъаза нах. Сийлахь Нохчийчоь оьздачу йоь1ан вастехь гайтаран бахьана а, маь1на а. Боцца мур чулоцучу хиламашкахула Мадин дахар а, халачу хьелашкахь кхуьуш йолу цуьнан амал а к1орггера йовзийтар, цуьнан кхоллам халкъан кхолламах бозабелла хилар.

Хь. Х. Сайдуллаев. Дахар а, кхолларалла а.

«Ненан б1аьрхиш» поэма. Легендин буха т1ехь поэма. Поэмехь турпалхочо Даймохк мостаг1чух ларбар, цуьнан дуьхьа иза вала кийча хилар. Турпалаллин иллийн турпалхойн амалш ден-ненан к1ентан амалехь. Поэмин турпалаллин а, трагедин а мукъамаш. Йохьан а, декхаран а проблема йастаран башхалла. К1ентан а, ненан а доьналла.

С-Хь. М. Нунуев. Дахар а, кхолларалла а.

«Хьайбаха» («Йилбазан оьмар» роман т1ера дакъа). Ламанан к1отаршкахь НКВД-с д1акхехьна политика а, акхараллин, къизаллин суьрташ а. Сталинан хьадалчаша шайна х1оттийначу жоьжахатех ламанхой, йохьах ца бухуш, доьналлица чекхбовлар.

«Лазийна шовда» дийцар. Кхоам боцуш х1аллакдечу 1аламна орца дехар. 1аламан дахарна к1оршаме йукъаг1ертар – жил1аламан дахар талхор.

Л. Ш. Абдулаев. Дахар а, кхолларалла а.

«Маьлхан каш» поэма. Поэми т1ехь йуккъерчу б1ешарахь хилларг а, халкъан дахарехь маь1не долу г1уллакх а, иза кхочушдечу турпалхочух лаьцна а дийцар. Поэма – шех дала тарлучу вонах нах маьрша буьтуш, маьлхан кешнашка д1а мел вахначунна шатлакхан илли.

Л.М. Яхъев. Дахар а, кхолларалла а.

«Даркеш» («Гиххойн Таймасха» роман т1ера дакъа).

Дайн шира ламаст дийцаран бухехь. Вала гергавахнарг йа толур воцуш ун кхеттарг тускар чохь маьлхан кешнашка вахьаран г1иллакх. И г1иллакх лардаро Даркешна бина т1е1аткъам. Ден а. Даркешан а йукъаметтиг гайтаран башхалла.

1-Хь. А. Хатуев. Дахар а, кхолларалла а.

«Аьрзунан илли» стихотворени. Стихотворенин патриотически бух, синъоьздангаллин проблематика. Дуьнен т1ехь даха кхоьллинчу адаман мах беза хиларан, дахар лардан дезаран ойла кхиор. Вовшашца йолу йукъаметтигаш догмерза, ийна хила езар. Кхерчара ц1е санна, дайн ц1ена г1иллакх, йахь даим ларйан езар ч1аг1дар.

М. Э. Бексултанов. Дахар а, кхолларалла а.

«Цакхетта хестор» дийцар. Аьхна, исбаьхьа, беркате 1алам а, цуьнца къинхетаме хила везар а. Джабраилан а, цуьнан деден а 1аламца йолу йукъаметтигаш гайтаран башхалла.

«Некълацар» дийцар. Дайшкара схьадогIу оьзда гIиллакхаш,диц ца деш, лардан дезар – вайн декхар. ТIекхуьучу тIаьхьено дайн ламаст цалардаро дедена, кIентан кIантана бина тIеIаткъам а, цуьнан тIаьхьало а.

«Дика ду-кх хьо волуш» дийцар. Дийцаран турпалхо, цуьнан шен деца йолу йукъаметтигаш. КIентан шен дега болу ларам а, дена а, кIантана йуккъехь хила еза гIиллакх-оьздангалла а.

М. М. Ахмадов. Дахар а, кхолларалла а.

«Телефон» дийцар. Дийцарехь жимачу турпалхочун дуьне а, дахар а, шен доттагIчунна накъосталла дан и кийча хилар.

А. Т. Исмаилов. Дахар а, кхолларалла а.

«Бирдолаг» литературни туьйра. Барт акхараллел, сонтачу кураллел, ницкъал тоьлуш хилар чIагIдар. Лоьман олалла дожоран маьIна. Деган дикаллий, оьздангаллий, къинхетаме, тешаме, накъосталла дан кийча хиларрий хастор, йамартло, стешхалла емалйар. Акхаройн дахар адамийн дахарца дустаран маьIна.

ЙУ. С-А. Яралиев. Дахар а, кхолларалла а.

«Кад» стихотворени. Хьанал къинхьегам а, стеган говзалла а къобалйар. Адаман дахар а, цуьнан кхоллам а. Стихотворенин философски маьIна.

А. Д. Бисултанов. Дахар а, кхолларалла а.

«Хьайбахахь йазйина байташ», «ДегIаста», «Нохчийн халкъан илланчина» стихотворенеш.

Хьайбахахь къизаллица хIаллакбинчу лаьмнийн кIотаршкарчу нахана йаьккхина назма.

Сийначу Сибрехара шайн махка цIабоьрзучу вайнехан сатийсамаш, дог-ойла.

«ДегIаста» стихотворени. Азаллехь дуьйна къизачу ницкъана йуьх-дуьхьал лаьтташ схьабеанчу Даймахкана хастамбар. Къоман паргIато еза ларар. Стихотворенин патриотически маьIна.

«Нохчийн халкъан илланчина» стихотворени.

Кху лаьтта тIехь халкъан иллин, халкъан илланчийн, къонахчун мах лакхара хилар чIагIдар.

В-Хь. Х. Амаев. Дахар а, кхолларалла а.

«Малх чубаре хьоьжура иза» дийцар. Халкъан дахарехь хиллачун тIехь дийцар. Халкъ махках даккхар а, хIаллакдина беральла а. Жимачу кIентан вагон чохь дIадоьду дахар гайтаран башхалла. КIентан а, ненан а васташ.

«Генарчу денойн туьйра» дийцар. Халкъан ламаст дийцарехь. Вайн дайша лардеш схьадеъна ламаст кхочушдар. Кхиъна ваьллачу кIантана ден доттагIчо шаьлта йаларан маьIна а, хIинца дуьйна цо кхочушдан деза декхарш а.

Б. Ш.Шамсуддинов.Дахар а, кхолларалла а.

«Ахь цхьалха витичахьана» стихотворени. Лирически турпалхочун шен нене болу безам а, цо цуьнга сатийсар а.

5-гIа дакъа. Обзорни теманаш

Нохчийн литературин йуьхь йолийнарш.

Дуьххьарлерчу йаздархойн Дудаев Iабдин, Сальмурзаев Мохьмадан, Нажаев Ахьмадан, Айсханов Шамсуддинан кхолларалла. Церан произведенийн коьрта теманаш а, проблематика а. Дудаев Iабдин, Нажаев Ахьмадан поэзи Iаьрбийн поэзин тIеIаткъамца кхоьллина хилар. Йоза-дешар даржоран, йуьртбахам кхиоран, Даймохк мостагIчух ларбаран, къинхьегаман теманаш айъар.

Нохчийн литературин йуьхь йолийначеран кхолларалли маьIна.

Нохчийн литература Сийлахь-боккха Даймехкан тIом лаьттинчу шерашкахь (1941-1945).

Даймохк мостагIчух ларбаран тема. I. Мамакаевн, М. Мамакаевн, М. Сулаевн, Х-М. Эдиловн, М-С. Гадаевн, З. Муталибовн, С. Гацаевн, Х. Ошаевн, Хь. Саракаевн кхолларалла.

ТIеман халачу хьелашкахь халкъан турпалалла а, патриотизм а, бIаьхойн дог-ойла а, хьуьнарш а.

Нохчийн литература 40-50 шерашкахь кхиаран хьелаш.

Халкъ махках даккхар а, литература а, искусство кхиарехь сецна лаьттина мур а, цуьнан тIаьхьало а.

Нохч-ГIалгIайн республика меттахIоттийначул тIаьхьа литература денъйалар, йуха а кхиа йолайалар. Литературин йуьхь йолийначу а, керла йукъабаьхкинчу а йаздархойн кхолларалла (С-Б. Арсанов, М. Мамакаев, Н. Музаев, Х. Ошаев, М-С. Гадаев, Х-М. Эдилов, М. Сулаев, А. Айдамиров, А. Сулейманов, Р. Ахматова). Произведенешкахь хIитточу проблемашца, жанрашца литература шоръйалар, кхолларалле йаздархойн исбаьхьаллин говзалла кхиар.

Прозехь, поэзехь, драматургехь тоьлашха йолу произведенеш обзорни кепехь йовзийтар. Царех 5-6 произведени (шаьш харжарца) классехь йийцаре йар.

ХIинцалера литература кхиаран коьрта башхаллаш.

ХIинцалерчу йаздархойн кхолларалли коьрта теманаш а, жанраш а (С-Б. Дакаев, Ш. Макалов, Хь. Талхадов, ГI. Алиев, Ш. Цуруев, З. Сулейманова, М. Айдамирова, Л. Ибрагимов, Б. Гайтукаева, I. Яричев, С-Хь. Тагаев, I. ЙУсупов, К.Ибрагимов). Церан произведенеш (шаьш харжарца) йийцаре йар.

6-гIа дакъа. Литературин теорех болу хаамаш.

Исбаьхьаллин литература дешан говзалла санна. Халкъан барта кхолларалли башхаллаш. Цуьнан халкъан Iер-дахарца йолу уьйр. Нохчийн фольклоран жанраш. Турпалалла бохучух халкъан болу кхетам. Нохчийн фольклорехь халкъан ламасташ гайтар, дика а, вуон а бохучух лаьцна кхетам балар. Халкъан фольклорехь Iаламо дIалоцу меттиг. Iер-дахар, доьзал, пачхьалкх, патриотически дог-ойла нохчийн фольклорехь. Халкъан барта кхолларалло литература кхиарна бина тIеIаткъам а, царна йукъара уьйр а.

Фольклоран кегийра жанраш (хIетал-металш, кицанаш). Халкъан эшарш. Халкъан туьйранаш (инзаре-тамашена,дийнатех лаьцна). Турпалаллин иллеш. Шира дийцарш, хабарш, аларш, наьрт-аьрстхойх дийцарш.

ХIетал-металшкахь, кицанашкахь халкъан хьекъал а, кхетам а. Халкъан эшарийн тайпанаш нохчийн фольклорехь.

20-50 шерийн литературехь йоза-дешар даржоран, йуьртбахам кхиоран, Даймохк мостагIчух ларбаран, къинхьегаман, ширачу Iадаташна дуьхьал къийсам латто безаран теманаш айъар. Оцу шерийн литературехь синъоьздангаллин мехаллаш чIагIъйар: къинхетам, доглазар, догъэцар. Къоман амалш оцу шерийн произведенешкахь. Цу шерийн литературин жанрийн тайп-тайпаналла (хабарш, назманаш, иллеш, поэмаш, повесташ, дийцарш). Литературин фольклорца уьйр хилар. Цу шерийн произведенийн композиционни башхаллаш, васт хIотторан кепаш. Исбаьхьаллин литература Iедало хьалхахIитточу декхаршца цхьаьнайан езаш хилар. Оцу идеологин лехамашца нохчийн литература кхиар а.

60-70 шерийн литературехь лирически турпалхо Даймехкан дуьхьа къахьега, ваца кийча хилар. Литературин кхетош-кхиоран маьIна. Оцу шерийн литературин идейно-исбаьхьаллин башхаллаш.

Литературин тайпанаш а, жанраш а.Эпически жанраш – дийцар, очерк, повесть, роман; лирически жанраш – стихотворени, лиро-эпически илли; драматически жанраш – трагеди, драма, комеди. Назманаш.

Литературни произведенин кеп а, чулацам а: тема, идея, проблематика, сйужет, композици (экспозици, дIадолор, кхиар (кульминаци), дерзор, пролог, эпилог, портрет, интерьер, диалог, монолог, лирически йуьстахвийлар, антитеза, къовсам.Авторан васт, автор-дийцархо, литературни турпалхо, лирически турпалхо. Жанрах болу кхетам кIаргбар: турпалаллин илли, турпалаллин драма, поэма.

Трагически а, беламе дерг (ирони, йумор, сатира).

Турпалаллин дерг. Даздинарг. Лахдинарг.

Проза а, поэзи а. Стихкхолларан бух: стихотворенин барам (шинастопан барам – ямб, хорей, кхаастопан барам – дактиль, амфибрахий, анапест), ритм, рифма, строфа.

Исбаьхьаллин произведенин мотт. Произведенехь исбаьхьаллин суртхIотторан гIирсаш: эпитет, метафора, олицетворени, метоними, дустар, гипербола, аллегори.

80-90-чуй шерийн литература. Керла теманаш, проблемаш, литературни турпалхой. Нохчийн литературин демократизаци. Литературехь Даймехкан кхолламах жоьпалла а, даккхий декхарш а шена тIелаца кийча волу турпалхо лахар. Шен чулацамца а, исбаьхьаллин кепехь а литература керлачу тIегIане йалар. ХIинцалерчу заманан ира проблемаш йастар. Халкъан историехь бохаме хиллачу денойх лаьцна кхечу кепара дийцар. Халкъан дахарехь йицйан йиш йоцу синъоьздангаллин механлаш лахар.
Турпалхочун проблема а, Даймехкан тема а. Халкъан кхоллам вай махках даьхначу хенахь а, цIадирзинчул тIаьхьа а. Литературехь нохчийн истори философски а, публицистически кепара а йовзийтар.

7-гIа дакъа. Дешархойн барта а, йозанан а къамел кхиор.

Хьехар оьрсийн маттахь долчу ишколийн дешархойн къамелан гIуллакхдар шардарна тIехьажийна, хIораммо ша а, тобанашца а цхьамогIа тIедахкарш кхочушдар. Хезаш ешар, хаттарна барта жоп далар, текст ешар, дагахь Іамор.

Барта текстана комментари йар а, ешнарг барта тайп-тайпана йухасхьайийцар а,произведенин исбаьхьаллин дIахIоттамах кхетар а. Дешнашца суртдиллар а, барта мини-сочинени а, йаздархочун поэтикех кхета хьажар. Ролашца ешар, инсценировкаш йар, ишколан спектаклана аудио и видеозапись йар, театран гIирсашца барта къамел кхиор. Литературни темина барта хаам бар,нахана хьалха вистхила хааран кеп санна.

ЛадугIуш материал дIайазйар, конспект йазйар, тезировани йар, йозанан къамел кхиоран баххаш санна. Гочйина материал оригиналца йогIуш йу йа йац хьажаран Іалашонца оригинал а, гочйина исбаьхьаллин произведени а вовшашца йустар. Дешархоша шаьш литературни произведенин дакъа нохчийн матте даккхар, Іаморехь культурин диалоган принцип кхочушйар.

Проблемни кепара хаттарна йозанца жоп далар, «текстах лаьцна текст» кхолларан хаарш кхиоран декъехь йуьхьанцара зIе санна. Кхолларалин амал йолу изложени а, литературни темина йолу сочинени а, ешначух лаьцна йаьржина йозанца ойлайаран жанр санна. Рефераташ йазйан а, хIораммо ша кхочушбен проектни талламан белхаш а историко-литературни буха тIехь йуьхьанцарчу муьрехь кхочушбан Іамар.

Экскурсешна магийна музейш

Нохчийн литература хьоьхуш, дешархошна хIара литературни музейш йовзийтар магийна:

Айдамиров Абузаран музей-цIа (Меската).

Мамакаев Іаьрбин музей (Лаха-Невре).

Мамакаев Мохьмадан музей-цIа (ТIехьа-Марта).

Гадаев Мохьмада-Салахьан музей (Ножай-йурт).

Сулейманов Ахьмадан музей (Олхазар-кIотар).

2. Дешаран-тематикин хьесап

6 класс

Дешаран курсан дакъа	Сахьтийн барам
Халкъан барта кхолларалла	11
Исбаьхьаллин литература	37
Литературни теори	8
Классал арахьара дешар	5
Карладаккхар	3
Талламан белхаш	2
Кхолларалин белхаш	4
Дерриг	**70**

7 класс

Дешаран курсан дакъа	Сахьтийн барам
Халкъан барта поэзи	12
Исбаьхьаллин литература	38
Литературин теори	6
Классал арахьара дешар	5
Карладаккхар	3
Талламан белхаш	2
Кхолларалин белхаш	4
Дерриг	**70**

8 класс

Дешаран курсан дакъа	Сахьтийн барам
Мотт бацахь, къам а дац	1
Исбаьхьаллин литература	50
Литературин теори	4
Классал арахьара дешар	6
Карладаккхар	2
Талламан белхаш	1
Кхолларалин белхаш	6
Дерриг	**70**

9 класс

Дешаран курсан дакъа	Сахьтийн барам
Нохчийн халкъан барта кхолларалла	14
Йоза а, исбаьхьаллин литература а кхоллайалар	3
Къоман исбаьхьаллин литература йолийнарш	5
Исбаьхьаллин литература	36
Талламан белхаш	2
Кхолларалин белхаш	8
Дерриг	**68**

Предмет хьехарехь пайдаоьцу 1аматаш:

«Нохчийн литература», 8-чу классана хрестомати. Соьлжа-Г1ала – 2018. Ахмадов М.М., Алиева З. Л.-А.
Барх1алг1ачу классехь нохчийн литература хьехаран куьйгалла. Г1о-1амат. Соьлжа-Г1ала – 2019. Исраилова Л.А.-Г., Момуева Х.Д., Хасаров Р.Ш.

Сахьтийн барам

шарахь	70	кIиранах	2
хьалхарчу четвертехь	17	кхоалг1ачу четвертехь	21
шолгIачу четвертехь	16	йоьалг1ачу четвертехь	16

Талламан, кхолларалин белхийн барамаш

Сочиненийн барам		Талламан белхийн барам	
шарахь	3	шарахь	1
хьалхарчу четвертехь	1	хьалхарчу четвертехь	–
шолгIачу четвертехь	1	шолгIачу четвертехь	–
кхоалг1ачу четвертехь	1	кхоалг1ачу четвертехь	–
йоьалг1ачу четвертехь	–	йоьалг1ачу четвертехь	1

8 класс КТП

Рог1алла	Урокан чулацам	Сахьт	Хан	
			Хьесапца	Билггал
	1-ра четверть – 17 сахьт			
1	Мотт бацахь, къам а дац.	1		
2	Бадуев С.С. дахаран а, кхолларалин а некъ.	1		
3	Бадуев С.С. «Олдам» дийцаран коьрта турпалхой.	1		
4	Бадуев С.С. «Олдам» дийцар. Олдаман сингаттам.	1		
5	Исбаьхьаллин вастах кхетам.	1		
6	Мамакаев М.А. дахаран а, кхолларалин а некъ.	1		
7	Мамакаев М.А. «Лаьмнийн дийцар» стихотворени.	1		
8	Стихотворенин ритмах, рифмех, барамах.	1		
9	Ясаев М.Д. дахар, кхолларалла. «Хьоме юрт» повесть. Хийрачу махкахь.	1		
10	Ясаев М.Д. «Хьоме юрт». Вежарийн къинхетам.	1		
11	Ясаев М.Д. «Хьоме юрт». Джанхотан васт.	1		
12	«Хьоме юрт» повестан чулацам планаца бийцаре бар.	1		
13	**«Даймахке безам» сочинени йазйан кечам бар.**	1		
14	**«Даймахке безам» сочинени йазйар.**	1		
15	Хамидов 1-Хь.Х. дахар, кхолларалла. «Д1а-коч,	1		

	схьа-коч» дийцар. Хьаша ларар.			
16	Литературин произведенехь беламе долчух.	1		
17	*Классал арахьара дешар.* Хамидов 1-Хь.Х. «Экзамен хаттар» дийцар.	1		
	2-гIа четверть – 16 сахьт			
1	Сулаев М.А. дахар, кхолларалла. «Ца вевза доттагI» стихотворени.	1		
2	Сулейманов А. С. дахаран а, кхолларалин а некъ.	1		
3	Сулейманов А. С. «Дахаран генаш» поэма. Къонахчун амалш.	1		
4	Сулейманов А.С. «Дахаран генаш» поэма. Весет.	1		
5	Эдилов Х.Э. «Сий делахь, Латта!» стихотворени.	1		
6	Арсанукаев Ш.А. дахаран а, кхолларалин а некъ.	1		
7	Арсанукаев Ш.А. «Тимуран тур» поэма. Тимуран бIо.	1		
8	Арсанукаев Ш.А. «Тимуран тур» поэма. Айтамиран илли.	1		
9	Арсанукаев Ш.А. «Тимуран тур» поэма. Ламанхойн васташ.	1		
10	**«Ламанхойн доьналла» сочинени йазйан кечам бар.**	1		
11	**«Ламанхойн доьналла» сочинени йазйар.**	1		
12	Хасбулатов Я.I. дахар, кхолларалла. «Дош» стихотворенин маьIна.	1		
13	Хасбулатов Я.I. «Стаг хила ваьллехь хьо ара…» стихотворени. Ненан хьехам.	1		
14	Гацаев С.А. дахар, кхолларалла. «Кавказ» стихотворени. Iаламан сурт.	1		
15	Гацаев С.А. «БIаьстенца къамел» стихотворени. БIаьстенан хазалла.	1		
16	*Классал арахьара дешар.* Гацаев С.А. «Чурт» шира легенда.	1		
	3-гIа четверть – 21 сахьт			
1	Сатуев Хь.Д. дахар, кхолларалла. «Нашхахь» поэма. ДIатесна юрт.	1		
2	Сатуев Хь.Д. «Нашхахь» поэмин маьIна.	1		
3	Сатуев Хь.Д. «Нашхахь» поэмин а, Умхаев Хь.С. «Нашха» стихотворенин а исбаьхьаллин башхаллаш.	1		
4	Яшуркаев С.С. дахар, кхолларалла. «МаьркIаж-бодан тIехь кIайн хьоькх». Мадас арабаьккхина некъ.	1		
5	Яшуркаев С.С. «МаьркIаж-бодан тIехь кIайн хьоькх». Воккхачу стеган хьехам.	1		
6	Яшуркаев С.С. «МаьркIаж-бодан тIехь кIайн хьоькх». Жовзанан васт.	1		
7	Яшуркаев С.С. «МаьркIаж-бодан тIехь кIайн	1		

	хьоькх». Вайн къоман оьзда г1иллакхаш.			
8	**«Вайн халкъо лайнарг» сочинени йазйан кечам бар.**	1		
9	**«Вайн халкъо лайнарг» сочинени йазйар.**	1		
10	Символах кхетам балар.	1		
11	*Классал арахьара дешар.* Мамакаев М.А. «Пондар» стихотворени.	1		
12	Шайхиев 1.Х. дахаран а, кхолларалин а некъ.	1		
13	Шайхиев 1.Х. «Дарцан буса» поэма. Ден хьехар.	1		
14	Шайхиев 1.Х. «Дарцан буса» поэма. Бакъволу доттаг1.	1		
15	Абдулаев Л.Ш. дахар, кхолларалла. «Маьлхан каш» поэма. Коьрта турпалхо.	1		
16	Абдулаев Л.Ш. «Маьлхан каш» поэма. Пхьеро бина сацам.	1		
17	Бексултанов М.Э. дахаран а, кхолларалин а некъ.	1		
18	Бексултанов М.Э. «Дари» дийцаран турпалхой.	1		
19	Бексултанов М.Э. «Дари» дийцар. Артуран дехар.	1		
20	*Классал арахьара дешар.* Бексултанов М.Э. «Дика ду хьо волуш» дийцар.	1		
21	Дешархоша шаьш хаьржина произведенеш йийцар йар.	1		
	4-г1а четверть – 16 сахьт			
1	Ахмадов М.М. дахаран а, кхолларалин а некъ.	1		
2	Ахмадов М.М. «Лаьтта т1ехь лаьмнаш а х1иттош» повесть. Ибрах1им-хьаьжа.	1		
3	Ахмадов М.М. «Лаьтта т1ехь лаьмнаш а х1иттош» повесть. Хьаша ларар.	1		
4	Ахмадов М.М. «Лаьтта т1ехь лаьмнаш а х1иттош» повесть. Т1ом.	1		
5	Ахмадов М.М. «Лаьтта т1ехь лаьмнаш а х1иттош» повесть. Данин б1аьхаллин хьуьнарш.	1		
6	Ахмадов М.М. «Лаьтта т1ехь лаьмнаш а х1иттош» повестан турпалхойн васташ.	1		
7	*Классал арахьара дешар.* Ахмадов М.М. «Боч1а» дийцар.	1		
8	Бисултанов А.Д. дахаран а, кхолларалин а некъ.	1		
9	Бисултанов А.Д. «Дег1аста» стихотворени. Нохчийн къоман синмехаллаш.	1		
10	Бисултанов А.Д. «Дег1аста» стихотворенин маь1на.	1		
11	Бисултанов А.Д. «Шийла чилла йижна лайца…» стихотворени. Нохчийн къоман 1адат.	1		
12	*Классал арахьара дешар.* Бисултанов А.Д. «Гой шуна, доттаг1ий…» стихотворени.	1		
13	Дешаран шарахь 1амийнарг карладаккхар.	1		

14	**Тест.**	1		
15	Дешархоша шаьш ешна произведенеш йийцаре йар.	1		
16	Жам1 даран урок.	1		